

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Pikeun urang Sunda, nulis téh lain hal anu anyar. Leuwih ti 16 abad ka tukang, kabudayaan Sunda miboga warisan mangrupa barang tinulis saperti prasasti, piagam, sarta naskah kuno anu kawilang loba (Baidillah spk., 2008, kc. 43). Éta hal nuduhkeun yén masarakat Sunda jaman baheula geus miboga kaparigelan nulis sarta miboga kasadaran kana pentingna nepikeun informasi dina wangun aksara.

Aksara Sunda, kiwari geus *distandarisasi* sakumaha anu geus disahkeun dina *Surat Keputusan Gubernur Kepala Daerah Tingkat I Jawa Barat No. 434/SK.614-Dis.PK/99* ngeunaan *Pembakuan Aksara Sunda* (Baidillah spk., 2008, kc. 65). Satuluyna, minangka salasihiji tarékah pikeun ngamumulé aksara Sunda sarta ngaréalisikeun standarisasi aksara Sunda téh nyaéta ku diayakeunna pangajaran aksara Sunda di sakola, hususna di SMP.

Dumasar Kurikulum Tingkat Daérah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa Sunda Berbasis Kurikulum 2013 Revisi 2017 Jenjang SMP/Sederajat, pangajaran aksara Sunda aya di kelas VII nu salasihiji Kompetensi Dasarna nyaéta, 4.8 *Menyusun dan menyajikan teks aksara Sunda dengan memperhatikan ketepatan bentuk dan kaidah penulisannya* (Dinas, 2017 kc. 36). Nyoko kana éta Kompetensi Dasar, siswa diperedih bisa nulis aksara Sunda kalayan merhatikeun wangun jeung kaidah anu bener. Anapon wangun aksara Sunda ngawengku aksara ngalagena, aksara swara, rarangkén, jeung angka. Ari kaidah nu kudu diperhatikeun ku siswa nyaéta ukuran jeung proporsi aksara, cara nulis aksara ngalagena jeung swara, cara nulis rarangkén, jeung cara nulis angka.

Nilik dina kanyataan di lapangan, siswa di SMP Miftahul Iman Bandung masih kénéh can mikawanoh wangun jeung cara nulis aksara Sunda nu bener. Sakumaha anu ditétélakeun ku guru basa Sunda di SMP Miftahul Iman Bandung yén siswa-siswa di SMP Miftahul Iman Bandung masih kénéh can mampuh ngahontal nilai KKM.

Dina pangajaran aksara Sunda di SMP Miftahul Iman Bandung, aya 4 pasualan nyaéta (1) siswa can bisa ngabédakeun aksara–aksara dasar boh aksara ngalagena

boh aksara swara, (2) siswa sok salah ngagunakeun jeung nempatkeun rarangkén, (3) siswa loba nu teu merhatikeun dipakéna gurat ajeg dina nulis angka, sarta (4) dina nulis rarangkén, sok saukuran jeung aksara dasar.

Hal anu ngalantarankeun munculna éta pasualan téh bisa ditilik tina prosés pangajaran di kelasna. Dumasar hasil wawancara dina tanggal 17 Maret 2022, prosés pangajaran aksara Sunda di SMP Miftahul Iman Bandung dilaksanakeun saukur ngawanohkeun hungkul aksara Sunda ka siswa. Ari ngeunaan cara atawa kaidah nulis aksara Sunda nu benerna mah teu diperhatikeun.

Sajaba ti kitu, upama nilik kana RPP anu disusun, pangajaran aksara Sunda di kelas VII SMP Miftahul Iman Bandung teu ngagunakeun modél pangajaran. Sedengkeun nurutkeun Octavia (2020 kc. 15-16), modél pangajaran miboga mangpaat di antarana bisa dijadikeun minangka alat siswa dina pangajaran, ngarojong sumanget diajar siswa, sarta ngarojong siswa pikeun maham matéri pangajaran. Ari modél pangajaran nya éta hiji rancang anu digunakeun dina nyusun kurikulum, ngatur matéri pangajaran, jeung méré pituduh ka guru nu ngajar di kelas (Joyce jeung Weil dina Rahman, 2019 kc. 1). Ku lantaran kitu, perlu ayana tarékah pikeun ngungkulan éta masalah, salasahijina nyaéta ngagunakeun modél *Scramble* pikeun pangajaran aksara Sunda.

Nurutkeun Shoimin (2014, kc. 166), modél *Scramble* téh mangrupa modél pangajaran anu ngajak siswa pikeun manggihan jawaban tina lembar soal jeung lembar jawaban nu dibagikeun ku guru kalayan disadiakeun alternatif jawabanna. Léngkah-léngkah modél *Scramble* dina pangajaran aksara Sunda nyaéta guru medar matéri aksara Sunda, tuluy ngabagikeun kartu soal jeung kartu jawaban anu eusina mangrupa aksara Sunda nu geus diacak saméméhna, sanggeus kitu siswa kudu nyusun éta kartu jawaban sangkan jadi kecap nu luyu jeung kartu soal (Sugiharti dina Qamariah Spk., 2016 kc. 42).

Modél *Scramble* miboga kaonjyoan ngalatih siswa pikeun mikir gancang tur bener, ngarojong siswa pikeun diajar ngerjakeun soal anu jawabanna diacak, jeung ngalatih kadisiplinan siswa (Huda, 2013 kc. 306). Sya'ban (2016 kc. 31) ogé nétélakeun yén modél *Scramble* miboga kaonjyoan di antarana ngaronjatkeun kaaktifan siswa jeung ngarojong siswa dina maham matéri kalawan dibantuan ku babaturanna. Ku kituna, ieu modél *Scramble* téh cocog pikeun pangajaran aksara

Sunda.

Ari sacara émpiris, modél *Scramble* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis wawangsalan. Sakumaha hasil panalungtikan nu dilakukeun ku Nurfadila (2019) kalawan judul “Modél *Scramble* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Wawangsalan: Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-G SMP Negeri 44 Bandung Taun Ajar 2018/2019”. Éta panalungtikan nuduhkeun yén modél *Scramble* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa Kelas VIII-G SMP Negeri 44 Bandung taun ajar 2018/2019 dina nulis wawangsalan nyaéta tina rata-rata peunteun 64 ngaronjat jadi 81.

Panalungtikan séjén ngeunaan modél *Scramble* ditalungtik ku Oktadova (2017) anu judulna “Modél *Scramble* dina Pangajaran Ngaregepkeun Carita Pondok: Studi Kuasi ékspérimén ka Siswa kelas IX-A SMPN 1 Kutawaluya Taun Ajar 2016/2017”. Éta panalungtikan nuduhkeun yén modél *Scramble* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina ngaregepkeun carita pondok nyaéta tina rata-rata peunteun 74 ngaronjat jadi 91.

Ieu panalungtikan miboga sasaran jeung panalungtikan anu geus dilakukeun ku Nurfadila nyaéta sarua medar kumaha éféktifitas modél *Scramble* dina nepikeun matéri pangajaran nulis ka siswa. Anu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan anu dilakukeun ku Nurfadila nyaéta matéri jeung sumber datana. Nurfadila milih wawangsalan pikeun jadi matéri anu ditepikeun, ari dina ieu panalungtikan mah medar ngeunaan larapna modél *Scramble* dina pangajaran aksara Sunda.

Dumasar kana pedaran di luhur, ieu panalungtikan anu judulna “Modél *Scramble* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII SMP Miftahul Iman Bandung Taun Ajar 2021/2022)” perlu dilakukeun.

## **1.2 Identifikasi Masalah jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Identifikasi Masalah**

Dumasar kasang tukang di luhur, aya sawatara hal anu bisa diidentifikasi pikeun ditalungtik, nyaéta ieu di handap.

- a. Dina pangajaran nulis aksara Sunda ngawengku aspék wangun jeung kaidah.

Aspék wangun ngawengku aksara ngalagena, aksara swara, rarangkén, jeung angka. Ari dina aspék kaidah siswa dipiharep mampuh nulis aksara Sunda kalawan merhatikeun ukuran jeung proporsi aksara, cara nulis aksara ngalagena jeung swara, cara nulis rarangkén, jeung cara nulis angka. Kanyataan di lapangan nuduhkeun yén siswa can bisa ngabédakeun aksara–aksara dasar boh aksara ngalagena boh aksara swara, siswa sok salah ngagunakeun jeung nempatkeun rarangkén, siswa loba nu teu merhatikeun dipakéna gurat ajeg dina nulis angka, sarta dina nulis rarangkén sok saukuran jeung aksara dasar.

- b. Modél *Scramble* mangrupa modél pangajaran anu ngajak siswa pikeun manggihan jawaban tina lembar soal jeung lembar jawaban nu dibagikeun ku guru kalayan disadiakeun alternatif jawabanna. Modél *Scramble* can kungsi dipaké dina pangajaran aksara Sunda.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Rumusan masalah ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VII SMP Miftahul Iman Bandung taun ajar 2021/2022 saméméh ngagunakeun modél *Scramble*?
- b. Kumaha kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VII SMP Miftahul Iman Bandung taun ajar 2021/2022 sanggeus ngagunakeun modél *Scramble*?
- c. Naha aya karonjatan kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VII SMP Miftahul Iman Bandung taun ajar 2021/2022 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Scramble*?
- d. Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VII SMP Miftahul Iman Bandung taun ajar 2021/2022 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Scramble*?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan mibanda tujuan umum jeung tujuan husus. Anapon tujuan umum jeung tujuan husus saperti ieu di handap.

### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nguji éféktifitas modél *Scramble* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan, ngadéskripsikeun:

- a. kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VII SMP Miftahul Iman Bandung taun ajar 2021/2022 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Scramble*;
- b. kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VII SMP Miftahul Iman Bandung taun ajar 2021/2022 sabada ngagunakeun modél *Scramble*;
- c. ngaronjatna kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VII SMP Miftahul Iman Bandung taun ajar 2021/2022 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Scramble*; sarta
- d. béda anu signifikan antara kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VII SMP Miftahul Iman Bandung taun ajar 2021/2022 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Scramble*.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun kamekaran tiori modél pangajaran. Hususna dina pangajaran nulis aksara Sunda.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

#### a. Mangpaat Pikeun Siswa

Modél *Scramble* bisa ngaronjatkeun motivasi diajar anu satuluyna bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda.

#### b. Mangpaat Pikeun Guru

Modél *Scramble* bisa jadi alternatif pikeun pangajaran aksara Sunda.

#### c. Mangpaat Pikeun Panalungtik

Panalungtik bisa mikanyaho babandingan antara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Scramble*, ogé mikaweruh modél *Scramble* dina pangajaran nulis aksara Sunda.

## 1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab. Anapon upama diwincik saperti ieu di handap.

Bab I bubuka, ngawengku kasang tukang masalah, identifikasi masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II ngawengku ulikan tiori ngeunaan modél pangajaran, modél *Scramble*, nulis, aksara Sunda jeung modél *Scramble* dina pangajaran aksara Sunda; panalungtikan saméméhna; raraga mikir sarta hipotésis.

Bab III métode panalungtikan, ngawengku desain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung analisis data.

Bab IV ngawengku hasil panalungtikan jeung pedaran hasil panalungtikan anu ngawengku kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VII SMP Miftahul Iman Bandung taun ajar 2021/2022 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Scramble*, ngaronjatna kamampuh nulis siswa kelas VII SMP Miftahul Iman taun ajar 2021/2022 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun model pangajaran *Scramble*, jeung béda anu signifikan antara kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VII SMP Miftahul Iman Bandung taun ajar 2021/2022 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Scramble*.

Bab V ngawengku kacindekan, implikasi jeung rékoméndasi.